

# *YON DELIVRANS TOTAL*

 M te on jan pat konn sa pou m di maten an. M te chita dèyè a la avèk Frè Egan, e m te tandé... Frè Neville t ap di yon bagay, e li t ap gade nan direksyon m. E m te di Frè Egan: "Èske l ap rele m?"

Epi li te reponn: "L ap rele w."

<sup>2</sup> E alò men m la anwo la pou m di kichòy maten an. M t ap panse, lè m te... Vantilatè a la a, kote yo... ap atire vwa a, jis sanble ke l rale l deyò, lè w ap pale. Sanble ke vantilatè a kapte vwa a touswit.

Mwen t ap tandem sitèlman... temwayaj lè m te la pou m te priye pou fanm lan nan telefòn. E sila ki te resevwa mesaj la, te blye mete vil kote pou w te rele a, apati de madam Doktè Morrison. E m ap jis di nou kisa m te fè, pou priyè nou tout, ak pa m. M te poze menm sou telefòn lan, e m te pwente nimewo a, kèlkeswa kote l te ye a, epi m te mande Sentespri a pou l t al kot fanm lan. Kifè mwen panse Li t ap tandem sa jis menm jan ke Li t ap fè l si nou te... Ou wè? E mwen jis te depoze sa. E sa te ka petèt fason ke Seyè a te vle l. Ou wè? Se petèt ke sa t ap mye konsa.

<sup>3</sup> Epi mwen te tandem temwayaj yo pandan m te anndan la a, de yon moun ki t ap di ke Sè Rook te... Mwen kwè Frè Neville te di ke l te gen yon—yon depresyon mantal, yon bagay konsa. Ann akwoche nou a Bondye pou sa, jis sonje a sèl bagay sa a: Bondye konnen sa k pou Li yo. Li konn tout sa k konsène yo.

<sup>4</sup> Èske n ka tandem byen dèyè a? Si w pa kapab, gen kèk chèz vid anwo isit la. Ou ka chanje plas si w vle. Epi, annou wè, èske sa a se mikwo prensipal la? [Yon frè di: "Non, mesye."—Editè a.] Sa k bò la a se mikwo prensipal la? Dakò. N ap wè si n ka gen sa jis yon ti kras pi pwòch. Kijan l ye jis bò la a, Gene? Sa ap jis kòrèk. Pafwa mwen jis on ti jan anwe; M ap preche depi yon bon ti tan. Èske sa miyò? Èske n ka tandem sa pi byen?

<sup>5</sup> E nou sètènman sonje bagay sa yo nan priyè. E nou vle rapòt yon reyinyon gloriye ki te fèt anba nan...

Èske se Sè Rook m ap gade la? M te panse m t ap gade yon dam nan fon an la a ki te sanble avè l. M te panse: "Se sèten m pa vle di sa k pa sa." M ap gade yon moun ki sanble avè l, nan direksyon dèyè a. Manzè nan Lopital Saint Edward a.

<sup>6</sup> E konsa, nan Cleveland, Tennessee, epitou nan Kalifòni, nou te gen dè reyinyon glorye. Seyè a te beni tout bon, ak anpil bagay ke L te fè. E nou kontan pou sa. Ak kè kontan nou ka tounen kot konpayon pa nou yo, ap bay rapò sou bonte ak mizerikòd Bondye. Se fason sa yo te konn fè nan Bib la.

<sup>7</sup> M te apresye priyè Frè Neville, oswa priyè Frè Beeler, jan l te priye pou moun yo, epi—epi mande èd ak mizerikòd. E si nou jis byen gade, nou toujou fè l, tout bagay k ap dewoule yo, n ap jwenn gen yon bagay otantik vre konsènan sa. E alò lè Frè Neville te vini epi te mennen dyak sa yo, e latriye, anwo la sou estrad la, pou—pou pwononse benediksyon Bondye sou ofrann legliz la—la, mwen te tandem l ap di Bondye nan priyè li, konsènan mesye sa yo, jan yo te priye youn pou lòt. E sa fè m dibyen pou m tandem yon pastè ki ka priye pou dyak li yo, epi dyak yo k ap priye pou pastè a. Lè w wè yon legliz k ap antre nan kolaborasyon konsa, ebyen, yon bagay sou pwenn rive. Se fason sa a legliz la dwe nan lòd. E sa jis ban m yon ide pou yon tèks. Mwen ta pral pale sou benediksyon nan Kadèch, ak refi pou tandem rapò espyon yo, men la m te chanje ide m, pou yon lòt bagay apresa.

<sup>8</sup> Epi kounye a, konsènan gerizon, mwen jis gen yon ti temwayaj ke m ta renmen bay. M te espere ke m t ap wè gason m lan, Billy, dèyè a la, poutèt li genyen l nan pòch li.

E Billy vin pi bon nan reyinyon yo, ke jan l te konn ye. Li te konn estrese, kontrarye, e li te konn on jan ap di moun yo: “O, al chita! Al chita!” Ap di, “M ap ba w yon kat priyè.” Men m te remake, dènyèman, te gen moun nan reyinyon an ke li te jis santi l tèlman mal pou yo. Si l pa gen kat priyè ki rete, alò l ap mete yo nan yon chanm pou m ka al priye pou yo.

<sup>9</sup> E yon bagay konsa te rive Chicago, dènyè fwa a. E m ta renmen li lèt sa si l rive deja. M pa t janm rive wè l. Li pa t konnen ke m t ap vini maten an, bò isi a, epi—epi m bezwen—bezwen lèt la. Men m te jis panse a sa lè m te panse a bann maladi yo. Ebyen men fason sa ye. Se yon lèt rekòmande ke . . .

M t ap li nan journal la, (M pat janm; yo pat di m) se kote journal yo t ap kritike Oral Roberts, poutèt li te priye pou yon fanm ki te fè dyabèt epi ki te mouri. E mwen menm, kounye a, antan ke Ameriken, mwen—mwen renmen tandem lalwa ak—ak moun ki nan pozisyon otorite. Men mwen panse ke sa pat jis. M ap mande m si yo ta vle mete, nan journal la, tout sa ke Oral Robert te priye pou yo epi ki te geri, ke doktè yo te refize. M ap mande m, si yo pa ta chanje l yon fwa ankò, ou wè. Yo pa t ap fè sa. E alò mwen panse petèt ke dyab la te jis bwouye yo konsa, e ke, Bondye te pèmèt sa, ke Jou Jijman an yo pral gen pou reponn pou sa. Men mwen konn dè milye de moun ke Oral Roberts te priye pou yo, ki t ap mouri, e yo te geri.

<sup>10</sup> Alò, ou wè, yo, yo enjis sou sa. Yo va bibliye pwenn vi pa yo, vèsyon kritik la, men yo p ap bibliye lòt kote a. Kounye a, journal la sipoze kenbe biblik la ajou sou evènman ki rive yo. Alò m panse, si èt imen yo te enterese youn nan lòt, si yon moun te geri, reyèlman geri, chak journal nan Etazini ta dwe ekri yon atik sou sa. Men ou pa ka anplwaye yo pou fè sa. Non. Ou mennen yon bagay konsa la a, yo va moke epi pase l nan rizib, epi voye

l tounen. Men kounye a si gen nenpòt bagay pou kritike... Sa jis montre ke nasyon sa a prè pou jijman. Se vre. E fòk gen yon jijman, e pa gen okenn fason pou chape l. E yo sèlman ap rasanble dife sou tèt yo, e latriye. Epi yon—yon tèl... dezinyon, sou prensip yo! Yon jounal, prensip li, se pou—pou enfòme piblik la sou nenpòt bagay ki bon oswa mal, k ap rive. Men yo byen lwen prensip pa yo. E lè yo elwaye de prensip pa yo, alò yo—yo p ap byen akonpli objektif yo a.

<sup>11</sup> E se menm jan an sa ye avèk legliz la. Lè legliz la elwaye l de prensip li yo, li p ap janm ka byen sèvi sen yo. Nou dwe rete ansanm, nou dwe ini nou. Nou dwe fòme yon sèl kè e yon sèl akò. Osinon, nou p ap janm sèvi Bondye oswa moun yo, sòf si nou fòme yon sèl kè e yon sèl akò, pou pran pozisyon pou prensip Bib la ak bagay ke Bondye di ki kòrèk yo. Nou dwe toujou pran pozisyon pou yo.

<sup>12</sup> Billy te ret kole nan chanm lan, nan Chicago, li... Yon moun te vin kote l, yon fanm ak mari l, ak kansè nan poumon l, ap mouri. E madanm li te yon viktim maladi polyo nan yon chèz woulant, epi manzè t ap eseye pran swen yon nonm ki apèn te ka leve kanpe, ak kansè nan poumon l. E Billy te di l, li te di: "Mwen—sa fè m mal, mesye." Li te di: "Mwen t ap byen kontan ba w yon kat priyé." E li te di: "Men mwen—mwen pa gen lòt ki rete."

<sup>13</sup> E li te reponn: "Ebyen, dakò, pitit gason m." Li te di: "Se kòrèk." Li te di: "Nou te eseye rive isi a, men se tèlman pa fasil pou nou."

<sup>14</sup> Billy te di: "M ap Di w kisa pou fè." Li te di: "M pral chache papa. E m ap mennen l anndan an, apre m ap mennen l soti." E li te di: "Lè m va fè sa, osito ke w tandé Mesaj li a fini," te di, "alò ou va pran... oswa madanm ou ak oumenm, antre nan ti chanm la a kote m ap pase a, e m va fè l priye pou ou."

<sup>15</sup> "O," li te reponn, "sa a se lonèt-te, pitit gason m. Sa ase byen." Ou wè? Gen yon—Gen yon atitud. Ou wè? "Sete sifizan. Se te trè byen." Ou wè?

<sup>16</sup> E jou swa sa a, Billy, lè l te retounen la a, toujou kontrèman a sa l te deklare a, ke l te gen bòfrè l la ki t ap senyen ak emoraji nan poumon l. Epi bèlsè l la, ki t ap senyen nan lestomak li, ak ilsè, Epi yo te antre avèk yo tou, yon jan akote pou ede yo antre. Ou dwe vijilan, te ka gen tout on chanm ranpli an antye, ou wè. Men pandan m t ap pase pou priye pou yo, nou te resevwa yon lèt, pa lapòs, ke nonm sa a te geri pafètman de kansè nan poumon l lan. Fanm lan, madanm nan chèz woulant lan, te sou pye l, ap sikile toutotou jis nòmal tankou l te janm ye. Mesye ak emoraji nan—nan poumon an, akoz de tibèkiloz, li konplètman geri. E madanm li geri de maladi ilsè. Kat ladan yo te geri, toudenkou! M ap mande m si jounal ta dispoze pou enprime sa. Ou wè? Ou wè? O! Men Bondye toujou Bondye. Li jis fè bagay yo

nan Pwòp fason pa L, ou konnen, e Li tèlman bon. Nou tèlman kontan konnen ke L se Bondye.

<sup>17</sup> Nou t ap pale lòt jou maten an de yon ti predikatè ke nou konnen, ki te konn al toupatou, ap priye pou malad epi tout bagay konsa. E li te ale epi li te priye pou yon moun nan lopital Louisville, ak yon ka tibèkiloz, dam lan te mouri. Ti kanmarad la te di: “Ebyen, pa gen okenn nesesite . . . Bondye pa . . . Pa gen okenn Bondye. Lit ap kenbe Pawòl Li.” Li te di: “Mwen te wenn li jis tankou—jan Bib la di a. Si L pa kenbe Pawòl Li, Li pa Bondye.” Li te di: “Se jis yon liv.”

<sup>18</sup> Kounye a, sa ta sanble ke se konsa amwen ke w te konn Bondye. Sa se yon pati nan Lèzekriti a, men se pa tout Ekriti a. Se sou baz lafwa endividé a. Ou wè?

<sup>19</sup> E m te di madanm mwen, m te di: “Tèlman te gen anpil bagay ki te rive, ke m jis konnen ke gen youn. Mwen pa konn sa k pral rive m alafen. Mwen ka ale menm jan an. Si Bondye pa t bouje men mizerikòd Li sou mwen, m ta prale nan menm sans lan. Men osi lontan ke L ap kenbe men mizerikòd Li ak gidans Li sou mwen, m ap kontinye.” Men m te mande Meda, m te di: “Kimoun ki te nan sal la maten sa apre vizyon kote m te wè tifi m lan, Sharon?”

<sup>20</sup> Anpasan, lòt jou, m te manke endispoze. Mwen te nan lari a. E nou konn istwa m sou vizyon m lan de li, nan apre. E m te gade, epi men yon jèn fi ki t ap desann bò kote m, nan lari isi a nan Jeffersonville, ki te jis egzakteman tankou vizyon sa. Mwen te oblige sere menm yo ansanm. Sa te tèlman sanble ak vizyon sa a de ti Sharon mwen an! Li te yon jèn fi lè sa a.

<sup>21</sup> E apre vizyon sa a jou maten sa a, lè nan Laglwa, mwen. . . Hope t ap di m, li te pase bra l toutotou zepòl mwen, pou ap di: “Pa enkyete w pou nou, Bill. Nou miyò tout bon.” Mwen te jis ap eseye touye tèt mwen. Epi manzè te di: “Pa enkyete w. Pwomèt mwen ou p ap trakase tèt ou ankò.”

<sup>22</sup> E m te di: “Mwen pa ka pwomèt ou sa, Hope, paske mwen—mwen—m ap . . . mwen enkyete m. Mwen pa ka anpeche sa.”

<sup>23</sup> E m te soti nan vizyon an, m te kanpe nan chanm fè nwa a. E se pat yon vizyon, se pat yon imajinasyon, bra l te toujou antoure m. E li t ap konsole m. M te panse: “Tann yon minit. Sa se pa . . .” Mwen pa t konn fason pou m te rele l nan jou sa yo, yon vizyon. Mwen te rele sa yon trans. Mwen te di: “Sa a se . . . Men l yo te toujou la a.” Mwen te di: “Eske w isi a, Hope?”

<sup>24</sup> Li te di: “Bill, pwomèt mwen ke ou p ap enkyete w ankò pou mwen ak Sharon.” Paske, m te nan fen wout la. Mwen te prè pou swiside tèt mwen.

M te di: “Mwen pwomèt ou.” E li te banm yon akolad, epi te tanponnen m ak men l.

E apresa mwen—m te di: “Hope, kote ou?” M te... t ap touche, jouk m te jwenn ti chèn limyè a e m te rale l. M t ap tounen anwon, ap verifye chak chèz, pou m wè si l te chita la a.

Li se Bondye. Li jis otan Bondye, jodi a, ke L te ye sou Mòn Transfigirasyon an lè Moyiz ak Eli te parèt la. Li toujou Bondye.

<sup>25</sup> Nou ka ap pase atravè anpil pwoblèm ak eprèv. Jis sonje, gen yon Moun Ki konnen, ki klere chemen an, ki rann li reyèl. Mwen pa konn kisa k dèyè rido a. Men mwen konn yon sèl bagay, m ap avanse nan direksyon bi vokasyon selès la, chak jou, ap eseye viv pou gwo evènman sa a ki pral rive yon jou a lè m va wè L, fas a fas, pou ap rakonte istwa a, “Sove pa gras.” Se pou jou sa a m ap viv. M ap kite bagay sa yo dèyè, sa ki la yo, mwen vle kontinye avanse, jis kontinye ap avanse.

<sup>26</sup> Mwen vle tabènak sa a, pandan nou sou pye nou kounye a, Mwen vle nou kontinye ap avanse nan direksyon bi vokasyon selès la. Kèlkeswa sa n ap fè, ret kole ansanm, viv an gwoup otan ke n kapab, men toujou ak yon bra etann, pou lonje pran yon lòt moun, pou fè yo antre. Men nan Lafwa sa ke n ap preche kounye a e ke n ap goumen ak tout fòs nou pou li a, piga nou bouje yon pou de Li. Paske, si nou kwè m se sèvitè Li, sa a se pwogram Bondye a. Li p ap janm an majorite. L ap toujou an minorite, li toujou sa epi l ap toujou sa. Men, sonje, li te ekri: “Nou pa bezwen pè, ti twoupo; se bòn volonte Papa nou pou l ban nou Wayòm lan.”

<sup>27</sup> Kounye a, gen yon bann pòs nan legliz nou an, dyak, administratè, sientandan lekòl di dimanch, pastè, jan legliz nou tabli annòd la. E nou menim, moun yo, nou eli moun ki nan pòs sa yo ak pastè sa a. Mwen se jis siveyan jeneral, k ap veye pou sa mache dwat, epi pou bay konsèy e latriye. Nou se sila ki eli pastè nou, nou eli administratè nou yo, nou eli dyak nou yo, nou eli chak fonksyon ki genyen nan legliz sa; noumenm, moun yo. E se devwa nou pou kanpe bò kot mesye sa yo, ou wè, paske yo va fè erè. Yo se jis lòm, e yo va fè erè. Men si Prezidan Etazini an fè yon erè, èske nou mete l deyò, antan ke Prezidan? Nou bliye sa epi nou avanse. Se fason sa a nou vle fè ak legliz nou an kounye a. Mwen t ap koute l k ap priye, kèk minit de sa, pou dyak sa yo. Epi pou ap tandé dèyè a la, yon temwayaj, nan papòt la, de administratè yo, jan nou tout nan yon sèl akò. Kounye a rete konsa. Bon, noumenm manm yo kanpe bò kot administratè, dyak sa yo, ak pastè a. Epi sonje, lè nou mete sa ansanm, sonje ke se travay dyab la pou asire l ke sa kraze. Kounye a li te toujou konn fè l e l ap toujou fè l. Men kanpe bò kot moun nou yo ki gen pòs, e se sou sa m ta pral pale a.

<sup>28</sup> E apresa mwen gen la tou kèk... yon bagay pou mete sou tablo a maten an, konsènan reyinyon konsèy yo epi otorite yo. Sa pral afiche sou tablo a. E m gen yon kopi pou Frè Roberson, ki se prezidan dya... administratè yo. Epi apresa m gen yon kopi pou Frè Collins, mwen kwè, k ap aji kòm prezidan konsèy dyak

la. E kounye a, tout fonksyon sa yo tabli dapre Lekriti, e yo dwe gen règleman yo dapre Lekriti sou sa yo dwe fè. Se poutèt sa, administratè yo gen yon pòs pou pwòp tèt yo. E dyak yo gen yon pòs pou pwòp tèt yo. Siveyan lekòl di dimanch lan gen yon pòs pou tèt li. Epi pastè a se tèt twoupo a.

<sup>29</sup> Kounye a, chak pozizyon sa yo gen bagay ki al ansanm. E mwen panse ke rankont nou yo pa ta dwe fèt ansanm, men li ta dwe dapre chak pozisyon, paske dyak yo pa gen anyen pou di administratè yo sòf si yo gen kèk bagay pou prezante yo. E se resipwòk, administratè yo se konsènan finans ak bagay ki gen nan bilding lan; yo pa gen anyen pou wè ak dyak yo. Dyak yo se polisyé legliz la, epi yo se asistans pou pastè a. Epi administratè yo se gadò tout pwopriyete a. Administratè yo pa gen anyen pou wè ak kote espirityèl la, e dyak la pa gen anyen pou l wè ak kote finansye a. kidonk, li dwe sa. E siveyan lekòl di dimanch lan okipe l de lekòl di dimanch li. Kifè mwen te gen tout sa ekri, tape alamachin, pou mete sou tablo afichaj la.

<sup>30</sup> Epi apresa nou pral mete tou, nan yon ankadreman, Doktrin ke legliz la ap defann, pou ankadre L isi a, nan legliz la; sa n ap defann lan, prensip yo—yo, Doktrin legliz la. Bon, pou nou yon legliz, nou dwe gen yon doktrin.

<sup>31</sup> Nou pa plante okenn pikèt, pou di: “N ap jis ale jiske *la a.*” Nou prale jis osi iwen, nan fratenite ak tout moun, ke Bondye ap kite nou ale, nan Ekriti Li yo, ak moun yo. E kounye a rete kole ansanm, rete nan yon sèl akò, yon sèl kè, epi avanse pou Bondye. Se fason sa a Bondye vle nou fè.

Kounye a annou priye, epi apre sa louvri Pawòl la.

<sup>32</sup> O presye Seyè, nou soupwen apwoche Pawòl Diven an kounye a, oswa soupwen li Pawòl sa a. Ke Sentespri W entèprete pou nou sa ke n bezwen an. E pèmèt ke nou pale, Seyè, epi aji e viv, konsyan ke nou tout se pitit Ou, pa gras, alòske Ou te rele nou. Pèmèt ke gen yon fratenite nan legliz sa a, pandan nou wè ke nou jis sou pwen soti pou antre nan yon gwo mouvman, nou santi ke, pou ap sisite lòt minis pou al nan chan an kote, si W ap voye m nan diferan pati mond lan, pou tabli Lafwa la, epi jwenn yon minis prè e ki dispoze, epi antrene pou pran relèv la. Epi ke Lafwa ki te delivre bay sen yo yon fwa a, ke nou kanpe vanyan pou li a, fòme yon sèk toutotou mond lan. Akòde l, Seyè. Ke ti pil move zèb sa a, jan l te ye yon jou lè nou te dedikase l ba Ou a, ke gen yon legliz ki pran nesans isi a, Seyè, pou ke apati de sa va soti minis ak evanjelis ak anseyan ak misyonè, pou al nan tout pati mond lan.

<sup>33</sup> Nou ta mande, maten an, yon benediksyon espesyal pou Frè ak Sè nou Stricker k ap soufri la. Men nou konnen ke nou tout dwe passe pa tès sa yo. Chak pitit ki vin jwenn Bondye dwe korije, epwouve. E si nou abandone ak fasilité, epi tounen dèyè, alò nou se timoun ilejitim, e non pitit Bondye. Bay Frè ak Sè Stricker fòs

ak pwisans, pou yo kenbe nan pòs devwa yo. Si yo dwe mande charite pou yo manje, pèmèt ke men beni W lan kapab sou yo. Paske nou pa konnen men petèt se ka atravè efò sa a menm ke W t ap montre natif natal Lafrik la kisa yon vrè Kretyen ye. Akòde l, Seyè. Kounye a ke tout sa fèt selon volonté W.

<sup>34</sup> Beni pastè sa a, Frè Neville. Nou priye, Seyè, ke W va fè de li yon bëje pou twoupo a, jan W te fè l nan tan pase. E nou pa t ap blyie bël ti madanm li a, ki malad anpil. Lènmi an ta renmen kite Frè Neville ak bann timoun sa yo, san manman, men nou kanpe epi aplike, pa lafwa, San Jezikri a ant lènmi sa e sè nou. Ke Lespri W, Seyè, ka sou li san mezi, konsyan ke tout fanm òdone pou pase atravè vale sa a, nan tenèb aj sa a, men nou priye ke W va avè l. Beni timoun piti sa yo. Manzè pral sou tansyon kounye a, epi ajite, men ke Sentespri a ka nan pòt mizerikòd la, tout tan, pou fanmi sa.

<sup>35</sup> Beni konsèy administratè nou an, Frè nou frè Wood, ak Frè nou frè Egan, Frè Roberson, ak tout lòt yo, Seyè. Dyak, administratè, ak tou sa ki te asosye nan legliz la, nou priye, Seyè, ke W va kite yo fè manda yo a ak sentete epi—epi dwati. Beni sa yo, Seyè, ki te sèvi nan tan pase yo. E nou priye ke W va kontinye avèk nou tout, pou yo va konnen nou antan ke legliz ki ini a, ak Lespri ak lanmou Seyè a. Nou priye kounye a ke W va pataje Pawòl la pou nou, jan nou bezwen an, pandan n ap li nan Pawòl ekri W la. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

<sup>36</sup> Epi pandan n ap priye, m t ap panse alòske nou t ap beni oswa ap mande benediksyon pou modèn...pa nou an nouvo konsèy administratè nou an e latriye, Mwen t ap panse a Frè Fleeman nou an ak Frè Deitzman ak lòt yo ki te chita isi a, ki te bay bon sèvis, anvan sa. E nou vle gen Bondye rekonesans pou sèvis fidèl pa yo. Ke Seyè a toujou avèk yo, pou beni yo epi ede yo. Mwen vle li anvan...Jis sonje kounye a, tablo afichaj la elatriye, epi reyinyon k ap vini yo.

<sup>37</sup> E nou kontan gen avèk nou, maten an...Ebyen, m ta ka di l konsa, yon nonm ki te presye anpil pou mwen, nan tan pase yo, epi ki ankò presye, yon bon frè, Fred Sothmann, ki soti...epi madanm li, ki soti Saskatchewan, Kanada, ki isi a pou rete avèk nou, nan nasyon nou an, yon moun ki de pasaj; men nan fratènité nou an, yon frè byenneme, Frè Fred Sothmann ki chita la a. Li òganize kanpay la pou mwen lè m te Kanada.

<sup>38</sup> Epi yon lòt frè presye ki otrefwa te yon Kanadyen tou, ki te yon òmdafè, e ki ka pwouve mond lan ke w pa ka epwize Bondye. Limenm ak zanmi l te kreye yon fondasyon pou finanse konstriksyon yon plas, oswa pou yon misyon etranje, yon fondasyon. Epi yo te rele m vin Oakland, pou yon reyinyon, epi yo te di ke yo te gen kòb la. Yo t ap kòmandite tout bagay la, nan fondasyon yo a.

<sup>39</sup> Frè Fred avè m te eseye sa ak yon lajan ke Frè Fred te genyen, ke m pa t ap aksepte antanke endividé. Alò apre sa nou te deside ke nou t ap bay Kanadyen yo li san menm ranmase yon ofrann, men sa pa t tèlman byen mache. Reyinyon yo te byen pase. Men poutèt nou pa t ranmase ofrann... M pa fè ka si legliz la vo yon santén milya dola, ou toujou dwe Bondye, sa, pou ranmase ofrann. Sa fè pati de adorasyon an. Sinon ou vòlè sa... Otan ke m te kont mande lajan ak bagay konsa, mwen reyalize ke, lè yon nonm nan erè, ou ka osi byen admèt ke w gen tò, paske Frè Fred avè m nou te wè sa pa t tèlman fonksyone.

<sup>40</sup> Epi, Frè Borders, lè m te kite Frè Fred pou vin jwenn ou nan Oakland, Mwen te di: "Piga w fè sa. Jis pase plato kolèt la, ranmase yon ofrann, epi, kèlkeswa sa l ye a, remete l nan fondasyon w lan pou yon lòt reyinyon kèk kote."

<sup>41</sup> E anvan sèvis yo te fini, Frè Border ak zanmi l yo te vin jwenn mwen, e yo te di, "Tout kantite lajan nou mete nan reyinyon an— an, te déjà ranmase."

<sup>42</sup> E answit, kèk jou passe, li te fè aranjman pou yon reyinyon nan San Jose, Kalifòni, kote li te gen kèk, mwen panse swasant oswa swasanndis legliz nan vale a, ak tout diferan konfesyon fwa k ap kolabore. Nou te gen yon bèl reyinyon, e nou te retounen ankò, an Novanm. Nou kontan genyen w avèk nou, Frè Borders ak Frè Fred ki chita dèyè a la a. E mesye sa yo se etranje petèt pou nou tout, men yo te dè frè presye pou mwen deyò nan chan an, ap goumen seryezman pou Lafwa ke n ap pran pozisyon pou li a. Bondye beni w, frè. Nou kontan genyen w maten an, nan vyek, ti tabènak la isi a. Li pa bèl pou moun gade. Men gen yon bagay isi a, sèke, nou konnen ke Bondye ap viv isi a, ou wè, kifè nou kontan pou sa. E gen lòt frè presye, si m te gen tan pou mansyone, ki avèk nou jodi a.

<sup>43</sup> Kounye a m ap anvizaje epi m ap priye ke nan kèk jou k ap vini yo, si Seyè a vle, Mwen vle ale, m te santi m kondui... Mwen pa fè anons la. Pwochen reyinyon an, nan Ohio, pou vin ak Frè Sullivan, sou teren camping lan, nan pa lontan. Se sèlman apeprè san kilomèt anwo a la a, mwen kwè, Gene, yon bagay konsa. Se ap yon bon vwayaj, si w poko planifye vakans ou, si Seyè a kontinye kondui nou. Yon mesye debyen anpil, e nou apresye Frè Sullivan, yon pakèt afè. Jis yon... Li se majistra vil la. Li te jis ansyen majistra a, e li te jis yon moun Kentucky a lansyenn mòd. Se tout sa m ka di de li. Lè m te rankontre l lòt jou nan... Nou toulède te grandi anba la a nan mòn Kentucky yo. Li te di m: "Èske w toujou gen sak asafetida w nan kou w, Billy?" Kounye a ou kom kijan—kijan l se yon vrè moun Kentucky. Kounye a ann al nan...

Pa pou manke frè Kentucky m yo respè isi a, Frè Jefferies, e latriye. Mwen se moun Kentucky, tou, nou konnen. Mwen pral di w yon bagay ke nou ye. Nou pa moun Kentucky, ni nou pa

Ameriken non plis. Nou se pèleren ak etranje. N ap chache yon Vil ki gen pou vini.

<sup>44</sup> Kounye a pou yon lekti, ann li nan Liv Egzòd la, pou kèk minit. Mwen swete li apati de chapit 23 a, epi vèsè 20 rive nan vèsè 23 a, globalman. E mwén vle pran yon tèks maten an, apati de sa a, nan sa a, pito: *Yon Delivrans Total*. E m p ap pran anpil tan, ap pale, kounye a pandan m t ap tann nou pou al nan Liv ou a ak chapit la.

*Gade, mwen voye yon Zanj devan w, pou kenbe w nan chemen an, e pou mennen w nan plas ke m te pare a.*

*Pran prekosyon ak li, . . . obeyi vwa li, pa pwovoke l; paske li p ap padonnen transgresyon nou yo: paske non mwen nan li.*

Mwen sèten ke kongregasyon an konnen Kilès Zanj sa te ye.  
“Non mwen nan Li.”

*E si w vle tout bon obeyi vwa li, epi fè tout sa m di; alò mwen pral yon lènmi pou lènmi ou yo, epi yon advèse pou advèse ou yo.*

*Paske Zanj mwen an va mache devan w, epi mennen w . . . bay Amoriyen yo, . . . Itit yo, . . . Perizit yo, . . . Kananeyen yo, . . . Ivit yo, ak . . . Jebis yo: e m va ekstèmine yo.*

<sup>45</sup> Ke Seyè a beni Pawòl Li pandan n ap pale kounye a pou kèk minit, si nou priye. Mwen t ap panse sou sijè sa a, ki se: *Yon Delivrans Total*.

Legliz la te an—an minorite. L ap toujou sa, nan kantite manm yo, jiskaske Jezi vini. Men L ap viv piba privilej Bondye ba Li yo. Si sèlman nou te konnen, sa a se Legliz Bondye vivan an; pa Branham Tabènak la, men Branham Tabènak la se jis yon pati de Li. Gen tèlman lòt tabènak nan peyi a.

<sup>46</sup> Frè Snelling, aswè a, ap gen yon sèvis batèm. M te blyie ke Frè Curtis te mande m pou anonse sa, oswa te di m yè, ke li t ap genyen l. L ap gen yon sèvis batèm. E si nenpòt moun isi a pa t janm batize, déjà, enben, Frè Snelling t ap kontan fè sa, aswè a. Sa a se Tabènak Sentete nan Utica. Epi gen Frè Junior Jackson, nan New Albany. Epi gen anpil legliz konsa nan tout peyi a. Men nou tout ap viv, ta sanble, sou bò pèdan yo, plizoumwen.

<sup>47</sup> Mwen te tandé Frè Neville anonse l maten an, dèyè a la, sa on jan vin nan lespri m, ke moun yo sanble ap elwaye yo de delivrans lan. Sa sanble yon bagay, ke, moun yo te wè l, alò yo jis mete l de kote, “O o, ebyen, Bondye ka fè l.” Men se pa sa atitud la ye.

<sup>48</sup> Kounye a, Moyiz, lè Bondye te rele l, li te yon pwofèt total, konplè.

Lè Bondye voye yon nonm fè nenpòt bagay la, Li ekipe l konplètman ak tout bagay kel bezwen. Si Bondye rele yon nonm

pou l vin yon predikatè, Li mete yon bagay nan li pou l preche avè l. Si Li rele l pou l vin yon anseyan, Li mete nan li yon bagay pou l anseye avè l. Si Li rele l pou l vin yon pwofèt, Li mete yon bagay nan li, pou l wè vizyon epi pou l vin yon pwofèt. Bondye toujou ekipe nonm Li an konplètman.

E se jis sa Li te fè lè Li te voye Moyiz nan peyi Lejip. Li te elve l nan yon fason byen klè. E Li te anseye l nan yon fason byen klè, e Li te modle l, epi fòme l, epi ba l fason l. Apre Li te fin pwomèt Abraram, plizyè santèn lane anvan, ke L t ap delivre pèp la, alò Li—Li te gen nan panse L ke Li t ap fè Moyiz jis fason Moyiz te fèt la. Moyiz te yon pwofèt konplè. E la, antanke yon pwofèt konplè, alò . . .

<sup>49</sup> Jis tankou oumenm, si w se yon Kretyen, Bondye pa fè okenn Kretyen amwatye. Bondye fè Kretyen konplè. Bondye pa fè predikatè amwatye, men predikatè a ka amwatye. E Bondye fè pitit Li yo Kretyen, men pafwa yo vin Kretyen amwatye. Men se pa entansyon Bondye pou yo konsa. Se pwòp fason yo ki vin melanje ak plan Bondye pou lavi yo, e se sa ki rann yo jan yo ye a. Bondye pa vle pou yo Kretyen amwatye, oswa predikatè amwatye, ap fè konpwomi toude bò, oswa . . . Li vle pou yo kanpe nan brèch la konplètman.

<sup>50</sup> Kounye a, Moyiz, Bondye te fè l yon pwofèt konplè, pou yon delivrans konplè. E Moyiz te soumèt li nèt nan men Bondye. Se pou rezon sa a li te fèt sa l te ye a. Li te tèlman konplè nan Bondye jouk Bondye te ka fè l konfyans.

<sup>51</sup> M ap mande m, maten an, antanke Kretyen, si nou te soumèt pwòp volonte nou, epi soumèt tèt nou tèlman konplètman bay Bondye, jouk Bondye ka fè nou konfyans nan plas ke L mete nou an. M ap mande, maten an, a mwenmenm, si m te ka tèlman soumèt devan Bondye jouk Bondye te ka fè m konfyans, te ka fè Frè Neville konfyans, te ka fè konsèy administratè nou an konfyans, konsèy dyak nou an, oswa manm legliz nou yo. Nou tout gen yon plas, e se devwa nou.

<sup>52</sup> Minis la gen yon pòs devwa, pou kanpe epi preche richès ensondab Kris yo, san fè konpwomi, si yo rele l pou l vin yon predikatè. Li pa t ap epaye anyen pou okenn moun, si yo te rele l pou l vin yon predikatè.

<sup>53</sup> E manm legliz la, yo rele l pou vin manm gwoup kèlkonk sa a, alò li pa t ap fè konpwomi. Si legliz kwè ke nou pa ta dwe jwe aza, alò manm sa pa ta dwe janm manyen yon pil kat. Nou pa kwè nan bwè, li ta dwe vire tèt li konplètman lwen bweson. Si nou pa kwè nan jwèt aza, oswa fimen, manm legliz sa a pa ta dwe janm manyen yon bagay konsa. Bondye bay delivrans total. Lè nou . . .

L ap fè l si nou soumèt tèt nou totalman a Limenm. Si n ap livre tèt nou totalman nan men L, alò Bondye ka viv nan nou. Kris, Espwa Laglwa, Li ka reflete tèt Li nan nou pandan n ap

retire nou sou chemen an. Alò panse nou se panse pa L. Èske w ka imajine Kris k ap fimen yon siga? Èske w ka imajine w Kris k ap bwe, oswa k ap jwe kat? Alò si lespri w se yon pati Lespri Li, Li vle l al sou konfesyon w. Men ou pèmèt dyab la antre epi pran kontwòl. E tout tan, nan kè w, desann an pwofondè, ou konnen w gen tò lè w fè bagay sa yo.

E lè yon manm ta pale kont lòt manm lan, ou konnen ke sa pa bon. Nou resevwa lòd pou nou priye youn pou lòt, pa pou ap pale youn kont lòt, men pou renmen youn lòt. E si yon moun akable, ann ranmase l, ede l. Kounye a, sa fè de nou yon—yon—yon gwoup kwayan ki ini. Kounye a, lè n pa obeyi a sa, alò nou pa obeyi a Bondye e nou pa fè Bondye plezi. E se poutèt sa, legliz nou an, moun nou yo pa ka pwospere, legliz la pa ka kontinye, se paske nou pa ini, ansanm. Jan Jezi te di a, “Yon ti poud elevasyon fè pat la leve.”

<sup>54</sup> Kounye a, si konsèy legliz la, oswa tankou dyak yo—yo, ta vin di ke n ta dwe... panse ke nou ta dwe batи yon nouvo tabènak. Si sa se vòt dyak yo, epi yo konsilte administratè yo epi yo pa gen lajan pou fè l, alò yo gen yon pwojè konstriksyon tankou nou genyen l an mach kounye a. Epi apresa asanble jeneral la pral pran sa anchaj, jan n ta dwe ye a, poutèt tout legliz la souveren. Alò si legliz la vote pou nouvo tabènak la, lè sa a nou tout ta dwe kolabore ansanm nan konstriksyon nouvo tabènak sa.

<sup>55</sup> Franchman, mwenmenm, lè yo te pale de nouvo tabènak, pou mwenmenm, mwen te kont lide a. Se vre. Mwen te di: “Nou pa bezwen egzakteman yon nouvo tabènak. M ap pwobableman kite isit la trè byento, jan Seyè a... si sa L montre m lan ap akonpli. Poukisa nou bezwen yon nouvo tabènak? Nou pa gen lajan an.”

<sup>56</sup> Alò m te desann e m te sezi santiman legliz la, ke legliz la, an majorite, sanble te vle sa. Alò kisa m te fè? M te sakrifye pwòp panse m epi m te fè kò a legliz la. Sèten, annou fè sa. Si... Sa se fason nou fè tiraj osò, se fason sa a li te ye nan tan Bib la, fason legliz la te vote. Souverènte a—a, gwooup moun yo, yo vin ansanm. Nan inité gen fòs. Kidonk, poutèt sa, mwen te di: “Sètènman, si se fason sa a legliz vle, si se sa Bondye vle, Li egzèse plis pwa otorite pou fè vòt pamì tout on gwoup moun ke Li fè l pou mwen, paske m pa gen okenn vizyon pou m di ke sa pa ta dwe fet.” Alò nou fè kò ak legliz, e nou avanse avèk legliz. E mwen apiye sa, pou fè tout sa m kapab, ou wè, pou ede legliz.

<sup>57</sup> Sa ta dwe motif chak Kretyen ak chak moun nan legliz la, se pou nou ini nou epi rete kole ansanm. Kèlkeswa sa legliz vote a, se pou sa nou ta dwe pran pozisyon. Alò ann di, pa egzanp,... nou vle chanje yon bagay nan legliz la. Ebyen, alò, si administratè yo vle,... yon lòt moun vle, dyak yo, vle chanje yon bagay, sa vin devan legliz, answit legliz la ansanm. E si nou—si lide nou an la sanble yon ti jan diferan de sa tout legliz te di, annou sakrifye lide sa, paske se sèl fason nou ka rete ini. E si legliz sa a ta va

jis kontinye fason ke nou prale kounye a, epi ini ansanm, Bondye va . . . Se san limit, sa L va fè, si nou rete kole ansanm. Nou dwe rete kole ansanm. Se konsa nou vle ye, tèlman konplè youn ak lòt, e apresa tèlman konplè nan men Bondye.

<sup>58</sup> Alò nou dwe gen yon moun ke nou kwè ki ap preche Pawòl Bondye a. Si moun sa pa fè l, alò jwenn yon moun ki ap fè l tout bon. Se pozisyon sa nou dwe pran. Si konsèy administrasyon an pa vle pran pozisyon pou sa ki dwat, alò se devwa nou pou eli yon moun ki va pran pozisyon pou sa ki dwat. Epi lè w fè li, rete konsekan a sa. Sa depann de ou. Soutni sa. Epi, nou tout ansanm, n ap defann yon sèl Bagay, se Bondye.

<sup>59</sup> Si yon manm fè yon erè, pa rejte l. Ede l. Ankouraje l kanpe. Rasanble ansanm, angaje konvèzasyon youn ak lòt. Se sa Ekriti a di. Lè nou fè yon erè, ann al devan Bondye. Anvan li posib pou n al devan Bondye, nou dwe al devan moun nou te fè mal la.

<sup>60</sup> Mwen te jis oblige fè sa. E mwen konnen ke m te fè sa ki mal. Mwen te bay manti, m te lakòz madanm mwen bay manti. Mwen kwè m te pale nou de sa, isi a nan legliz la. Sa te fè kèk jou, sa pa fè lontan, sa fè apeprè sis semèn. Avoka yo te sitèlman demantibile m, sou ankèt sa a, jouk mwen te apèn konnen ki kote m te ye. Mwen te fèk ranstre lakay sot nan biwo a, pou manje manje midi m. E nimewo telefon privé a te sonnen, epi Meda t al reponn telefon lan. Li te bouche l ak men l, pou di: "Se avoka yo ankò."

<sup>61</sup> Mwen te reponn: "M pa p ka andire yon lòt sware. M te santi tèt mwen ap pati. M t ap pèdi tèt mwen, jis ap rale m nan direksyon sa, ak lòt direksyon sa a, epi nan direksyon sa a." M te di: "M pa ka sipòte sa." E m te voltije, epi m te di: "Di yo mwen pa anndan an," e m te kouri pase dèyè kay la.

<sup>62</sup> Lè m te retounen . . . Meda trè konsyan de bagay sa yo. Li te rankontre m nan papòt la, ap kriye a mwatye. Li te di: "Bill, èske sa se te bagay kòrèk pou te fè a?"

<sup>63</sup> Ou konn kijan w ye. M konn kijan m ye. M te di: "Sèten. Mwen pa t menm anndan an lè sa a." Mwen te konnen Bondye te kondane m poutèt sa. Mwen te di: "Mwen pa t menm anndan an lè sa a."

Li di: "Men ou te anndan an lè l te fè apèl la."

<sup>64</sup> Jou apre midi sa a mwen t al priye pou yon ti bebe malad. E anvan m te kite kay la, telefon lan sonnen ankò, epi ti Joseph te kouri pou pran telefon lan e l te di: "Papa, ou vle m di yo ou pa la?" Ou wè kijan peche kòwonpi, ki jan de fanmi sa t ap ye finalman?

<sup>65</sup> Premye Jan, chapit 5, ak vèsè 21, te di, "Si kè nou pa kondane nou, alò nou gen konfyans nan Bondye." Men si kè nou kondane nou, ki jan nou ka gen konfyans nan Bondye? Nou konnen,

toutotan nou gen peche ki pa konfese, Li p ap janm tande nou. Sa a fò, men, se—se—se, legliz bezwen bagay sa yo.

<sup>66</sup> Alò mwen te kòmanse priye pou ti bebe sa a. E lè m te kòmanse poze men m sou li, Seyè a te pran abò m pou di, “Ou te bay manti. Ou pa diy pou w priye pou bebe sa.”

<sup>67</sup> Mwen te vire do bay nonm lan. M te di: “Mesye, jis ret tann la. Mwen te gen yon bagay pou met annòd.”

<sup>68</sup> M te rele avoka a e m te desann al nan biwo a, m te fè l vini. M te di: “Gade, mesye, m te bay yon manti. Mwen te fè madan mwen manti. Li te di m pa t anndan la, epi m te kouri al dèyè kay la.” E m te konfese sa e m te pale l de sa.

<sup>69</sup> Li te avanse epi mete men l sou zepòl mwen. Li te di, “Frè Branham, m te toujou gen konfyans nan ou, men kounye a mwen gen plis konfyans ke jamè, nan yon nonm,” li te di, “ki prè pou repare tò li.”

<sup>70</sup> M te rakonte l, m te di: “M te kòmanse priye pou yon ti bebe, e Seyè a te jis ap kondane m, nan kè m, paske m te konnen m te fè sa ki mal.”

<sup>71</sup> Alò, nan landmen, madanm mwen te mande: “Ki kote w prale?”

Mwen te reponn: “Nan gwòt mwen an.”

<sup>72</sup> E m te ale nan gwòt mwen an, anwo a nan Charlestown, kote m te konn ale, depi dèzane. M te antre la, epi m te priye pandan tout jounen sa, “O Bondye, pa janm kite m fè yon bagay konsa ankò. Padone m, Seyè, paske lè m kòmanse mete men m sou moun malad yo, pou priye, la menm mwen te kondane.” Kifè vè twazè nan apre midi konsa, m te soti. Gen yon gwo wòch blayi deyò a la. E m te monte sou wòch sa epi m t ap gade anlè nan direksyon lès, ak men m anlè, ap louwe Seyè a. E se te jis tèlman trankil anndan la. Epi m te di, “Seyè, si Ou jis . . . Yon fwa Ou te pase bò kot Moyiz, e li te di se te . . . lè W te mete l nan fant wòch la, e sa te sanble ak pati do yon nonm.” Mwen te di: “Èske W te ka fè l ankò, Seyè? Fè m konnen ke m te jwenn padon.” Epi m te di: “Si W ap ede m epi vin nan lespri m . . .” M te di: “Seyè, mwen pa twò fò, mantalman, paske m pa gen okenn edikasyon.” M te di: “Epi mwen—m ap eseye sèvi W. Ou konn kè m, e mwen pat . . . Mwen pa ta dwe fè sa. Mwen pat vle fè sa. Tèt mwen te jis santi tankou li t ap pati, mwen te tèlman estrese, e mwen te fè sa sibitman nan yon moman kote Satan te kwense m.” M te di: “Si W padone m, pèmèt mwen wè W, alò, Seyè.”

<sup>73</sup> Bondye se Jij mwen; jis bò kote m nan, yon ti kote nan touf bwa yo te kòmanse toubiyonnen tankou yon Van, epi Sa te pwoche drèt sou kote gwòt la kote m te ye a, e Li te desann atravè pye bwa yo. O, frè, yon pè ki depase tout konpreyansyon te anvayi m, e m te rele. Mwen te kriye. Mwen te rele byen fò.

Mwen konnen peche m yo te padonnen. Ou wè, mwen te dezini ak Bondye, mwen pa t ap ka jwenn delivrans pou ti bebe a.

<sup>74</sup> Mwen... E nan menm landmen an te gen yon nonm ki sot Chicago, ki se yon grantòm, yon Katolik ki te fèk konvèti, valv kè l te anfle tankou yon tib ki t ap gonfle pa anndan, e yo t ap eseye koupe yo depi yon bon bout tan, yo ta pral fè l, men li pa t vle kite yo fè l. Finalman li te jwenn yon entèvyou. Entèvyou sa yo, nou rete dret avèk yo jouk nou jwenn sa ki pwoblèm nan. E nonm nan te annik antre, ke Sentespri a te fè tou tout lavi l pou revele yon bagay li te fè lè l te yon anfannkè nan legliz Katolik. Li te di: "Sa se laverite. Sa se sensèman laverite." Li te di: "Èske w vle di ke sa te kont mwen?"

Mwen te reponn: "Se sèl lonbraj ke m ka wè nan lavi w."

<sup>75</sup> Li te retounen epi li te di doktè a, li te di, "Dakò, rasanble tout bagay yo kounye a, nou ap fè operasyon an."

<sup>76</sup> Doktè a di, "Nou pral tcheke vye kè sa ankò." E lè l te egzaminen l, li te di: "Ou pa bezwen fè operasyon an." Ou wè?

<sup>77</sup> Si kè nou kondane nou, nou vle delivrans total. Nou pa vle yon legliz, amwatye. Nou vle yon vrè legliz oswa okenn legliz ditou. Nou vle vin de vrè Kretyen oswa okenn Kretyen ditou. Nou vle delivrans total de abitid nou yo, de peche nou yo, de move panse nou yo, de move aksyon nou yo, de neglijans nou, kèlkéswa sa nou te fè a. Nou vle delivrans total, konsa lè moun yo antre nan legliz sa a, pou n priye pou yo, pral gen jis ti gwoup sa a (petèt pa plis ke yon santèn, oswa desan) ki chita la, men yo pral konplètman nan men Bondye. E lè nou priye, alò Bondye va tandem depi nan Syèl la. Bondye vle yon moun ke Li ka kenbe nan men L, yon moun ke L ka di: "Mwen gen konfyans nan li. Mwen ka voye sila a, sèvitè malad Mwen an, al jwennd Branham Tabènak ki nan Jeffersonville, e gwoup moun sa yo de menm akò." Yon bagay pral rive.

<sup>78</sup> Ebyen, gade sa Li fè pou nou nan kondisyon ke nou ye a. Kisa L t ap fè si nou te yon sèl kè ak yon sèl akò? Sèl fason nou ka fè sa, se ini kè nou ansanm ak lanmou fratenèl, obeyi dirijan legliz yo, ak pastè a, epi pastè a ap obeyi Bondye. Alò Bondye ap travay atravè pastè a, atravè konsèy la, desann rive nan legliz la, e tout ansanm se yon sèl inite pou Wayòm Bondye a. Alò Bondye va tandem, lè nou gen yon gwoup ki ini. Pa kite anyen deranje nou. Nou pa bezwen pè anyen.

<sup>79</sup> Bon, se jan de moun ke Bondye òdone pou pran peyi a. Moyiz te konplè, li te yon nonm ki pa t ap fè konpwomi. Si te gen latwooublay ak diskisyon, e latriye, li pa t ap fè konpwomi. Se sa Bondye vle avèk nou kounye a.

<sup>80</sup> Farawon te vle tonbe dakò, li te di, "Moyiz, nou tout ka ale, epi, men, kite timoun nou yo dèyè, oswa kite kèk nan twoupo nou yo pa bò isit la."

<sup>81</sup> Se fason sa a ke dyab la vle pou yon Kretyen vini. “Sa ap kòrèk pou w fè w mann legliz la, men piga w janm padone Jones. Sa ap kòrèk si w ka mennen . . . si w ka ale . . . Ou pa bezwen kite fimen, bwè, bay manti, volè, ap fè repwòch, ap fè medizans. Ou pa bezwen abandone sa. Jis fè w manm legliz la.”

<sup>82</sup> Men Moyiz pa t youn ki te nan konpwomi. Li te vle delivrans total. Li di: “Nou p ap kite yon zago bëf dèyè. N ap pran tout bagay ki pou nou, lè nou pati pou al adore Seyè a.”

<sup>83</sup> Se fason sa a legliz la ta dwe ye. “N ap pran lajistis. N ap pran sentete. N ap pran Sentespri a. N ap pran yon gwoup ki ini lè nou prale a lotèl. Nou va yon vrè gwoup. Nou p ap kite anyen dèyè. N ap pran tout bagay. P ap gen yon zago bëf k ap rete dèyè la.” Ou konnen, moun ka priye yon tèl fason jiskaske dyab la bay legen.

<sup>84</sup> Se fason sa Moyiz ak gwoup li a te fè. Yo te rive lòtbò a epi yo te antre anba san an. Nou te remake, pa t gen delivrans total, jouk yo te antre anba san an. Moyiz, limenm, li te ini ak Bondye, men Izrayèl pat ini. Te toujou gen peche. Epi yo t ap bougonnen kont Moyiz, epi yo te di: “Poukisa, poukisa w fè sa? Ou pote plis pwoblèm ban nou.” Paske, Farawon te jis double kantite brik yo, e latriye. Se te Moyiz; li te konplètman nan men Bondye, totalman delivre de elvaj brebi, pou l ap gade brebi Bondye yo. Li te delivre totalman, limenm. Men moun yo pa t delivre, paske te toujou gen plenyen nan mitan yo.

<sup>85</sup> Yon jou swa lè Bondye te òdone pou yo touye yon ayo, tip Kris la, e branch izòp te tranpe nan san an, ki se, jis move zèb (òdinè, enb), e ki te mete sou kad pòt la ak poto yo, se lè Izrayèl te delivre konplètman, san yo pa t kite yon zago bëf dèyè. Tout sa ki te pou yo te delivre. Fanmi yo, byenneme yo, ak tout bagay te delivre lè yo te vin anba san an konplètman.

<sup>86</sup> Sa se lè legliz va delivre konplètman, lè tout bagay va vin anba San an. Lè peche nou yo va vin anba San an, lè fimen nou, lè jwe aza nou, lè twonpri nou, lè ap volè nou, lè bay manti nou, lè tout bagay va vin anba San an, alò va gen yon delivrans total. Ou te fè yon moun mal, mete sa annòd. Ou pa ka mete sa anba San an, li p ap rete. Ou pa ka mennen l. Gen yon bagay ki p ap kite w fè l. Lè oumenm ou konplètman, totalman mete w anba San an, va gen yon delivrans total; alò ou va gen yon libète tankou w pa t janm konnen anvan. Lè tout bagay vin anba San an, vin an soumisyon pou Wayòm Bondye a, alò va gen yon veritab delivrans.

<sup>87</sup> Jezi te konplètman, totalman yon moun. Li te ka kriye tankou yon moun. Li te ka manje tankou yon moun. Li te ka fatige tankou yon moun. Li te konplètman, totalman moun, nan èt fizik Li. E nan Lespri Li, Li te Bondye konplètman, totalman, alò Li te fè chè L soumèt bay Lespri ki te nan Li a. Ou wè, Li te tante nan tout fason tankou noumenm. Li te yon moun, pa yon Anj. Li

te yon moun. Li te gen dezi ak tantasyon, jis tankou noumenm. Bib la di Li te genyen. Li te yon moun, pa yon Anj ki pa ka tante. Ebre 1 di, ke, “Li te . . .” Ebre 1:4 di, “Li te mete l pi ba pase Zanj yo.” Li te moun, konplètman moun; ke Bondye te pran yon moun konplè, pou pote delivrans total, e Li te ranpli L ak Lespri Li. Sentespri a te nan Li, san mezi. E Li te tante tankou nou te tante. E Li te Bondye konplètman. Li te pwouve sa lè L te resiste mò, lè L te estope lanati, lanmè move yo ak van pwisan yo. Lè L te pale ak pyebwa yo, e latriye, yo te obeyi L. Li te Bondye, pa anndan. E Li te ka moun, paske Li te yon moun, men Li te livre L totalman e konplètman (antan ke yon moun) nan men Bondye, pou sèvis Bondye.

<sup>88</sup> E Li se egzamp nou. Nou se gason ak fam. Nou se Kretyen tou. Si L se egzamp nou, ann livre nou konplètman nan men Sentespri a, pou n ka vin sitwayen Wayòm Bondye a.

<sup>89</sup> Li te totalman òm; Li te totalman Bondye. Men Li te soumèt kote natirèl Li yo bay . . . ak kote fizik Li yo, ak Pwòp panse L, ak Pwòp aksyon L, ak Pwòp sousi pa L, epi, “Mwen fè sèlman sa k fè Papa a plezi.” Men ni. Totalman delivre anba èt imen. Prèt yo te vin kote L, de granzòm, pou di: “Mèt, entèl entèl,” epi ap eseye lolo L pou L antre nan afilyasyon ak denominasyon yo. Men Li te delivre totalman paske L te fè Bondye konfyans.

<sup>90</sup> Èske Salmis la pa t di, “Ou va delivre L, paske Li te fè M konfyans konplètman”? Ou wè? “M ap delivre Byeneme M lan anba men chen, paske Li te fè M konfyans.”

<sup>91</sup> Yon lè kan nou va rive nan fen vwayaj lavi a, mwen vle sa pou mwenmenm. Mwen konnen ke w vle l pou oumenm. Mwen vle pou L di: “M ap delivre l de machwè lanmò, paske l met konfyans li nan Mwen. M ap delivre l pou sot nan tonbo a, nan maten rezirèksyon an, delivre l totalman, alafwa nanm, kò, ak espri, poutèt li mete konfyans li nan Mwen.”

<sup>92</sup> Jezi te konplete tout zèv li yo. Tout bagay te konplete, te delivre, totalman. Li te delivre lepre a totalman kont maladi lalèp. Li te delivre fanm ak pwoblèm san an totalman, de sitiyasyon l lan. Li te delivre mond lan totalman anba peche, lè L te mouri nan jou ekspasyon an. Li te delivre chak peche totalman. Li te delivre Legliz. Kifè pa gen ankenn nesesite pou n ap viv pi ba privilèj nou, moun yo. Pa gen ankenn nesesite pou nou n ap viv nan kondisyon pèdan, paske Li te venk dyab la e Li te pran tout otorite ak pwisans yo, pou soumèt yo anba pye L, e yo pa gen okenn dwa legal pou domine sou ou. Nou se Kretyen, ranpli ak Sentespri a. Nou pa oblige dik- . . . gen dyab la k ap enpoze l sou nou. Kris te delivre nou, yon delivrans total; te delivre nou anba sa ki mal, te delivre nou anba peche, te delivre nou de abitid nou yo, te delivre nou de pale anpil, te delivre nou de-de komeraj, te delivre nou de tout sòt de salte. Li te delivre

nou totalman e Li te mete nou nan men sen Li yo; yon delivrans konplè, total.

<sup>93</sup> Li te delivre nou de maladi nou yo. Li te delivre nou de maladi, paske nou gen yon tit pwopriyete sou sa. Alelouya! “Paske Li te blese pou transgresyon nou yo, ak mak sou kò L yo nou te geri.” Li se Gerisè nou. Se poutèt sa pòv, ti dam sa a, ki gen polyo a, ap eseye pran swen yon mari k ap mouri ak kansè, li te mache nan domèn reyalite ki nan Prezans Bondye yo. Li te gen lafwa. E manzè... Doktè yo te fè tout sa yo te kapab, alò li te swiv enstriksyon Bondye yo epi li te delivre totalman.

<sup>94</sup> Disip yo te jwenn delivrans total, absoliman delivrans total. Poukisa? Paske yo te ranpli konplètman e totalman ak Sentespri a. Lè w te, jis yon manm legliz pou ap bay pastè a lanmen, oswa yon... te gen on jan de ti eksperyans sote ponpe, rele fo, oswa pale an lang, oswa yon lòt bagay; epi toujou gen malis nan kè w, ap aji biza, bay manti, fimen sigarèt, konvwate fanm; gen yon bagay ki pokò rive. Gen yon bagay ki pa mache. “Paske sila ki renmen monn lan, oswa bagay monn lan, lanmou Bondye pa nan li.” Yo te twonpe w. “Se pa fwi yo w ap rekònèt yo.”

<sup>95</sup> Nou tout vle ini ansanm, ak Sentespri a. Chak manm ta dwe ini, youn ak lòt. Lanmou Bondye devèse nan kè nou pa Sentespri a. Li netwaye nou de tout enjistis. Nou te delivre de bagay mond lan. Jezi di: “Sa a pral fè tout moun konnen ke nou se disip Mwen, lè nou gen lanmou, youn pou lòt,” lè yon manm tèlman renmen lòt manm lan ke l ta mouri pou li.

<sup>96</sup> Lè yon move bagay kòmanse, mond deyò a, kèk nan fanm yo vini pou di, “Kounye a, gade non, cheri, li t ap pi bon pou ou si w te fè sesi, oswa fè sela, te mete sesi, oswa te fè sela, oswa fè sesi, epi elwaye w de bann sen eksite sa yo,” oswa yon bagay konsa, nou tèlman ini ak Bondye!

<sup>97</sup> Ou di: “Ebyen, Frè Branham, se yon tantasyon tèrib.” Men Kris te mouri pou bi sa. Yo te venk Dyab la. Nou vle delivrans total. Nou vle yon legliz ki pi e pwòp e ki fidèl, e ki lave nan San Ayo a, epi ranpli ak Sentespri a, ak siy ak mèvèy ak mirak. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]... tout moun totalman delivre. [Espas vid sou kasèt la].

<sup>98</sup> Bondye Byeneme, Ou pa aksepte bagay yo sof si yo delivre totalman. Ou pa t ka resevwa yon sakrifis ak yon tach sou li. Ou pa t ap janm resevwa yon priyè, kote k gen peche nan vi moun sa a. Ou jis pa t ap ka fè l, Seyè. Ou pa t fè l nan laj pase yo, e Ou pa ka fè l jodi a. Men sakrifis la dwe san defo. Seyè Bondye, pandan n ap etann nou sou lotèl la, yon vi sakrifye, retire nan nou, O Seyè, tout tach peche. Mwen depoze nanm mwen konplètman, ak kò m, ak fòs mwen, efò m yo, ak legliz sa a maten an, sou lotèl la. Netwaye nou ak San Ou, e padone nou pou tout peche nou te komèt. E ke gran Sentespri a ka abite tèlman an abondans lan nou, e ke Prezans Li ale avèk nou lè n a kite tabènak sa a maten

an, pou nou konnen anndan nou ke Li te padone nou. Alò priyè a se va, “Padone fòt nou yo menm jan nou padone sila yo ki peche kont nou yo.” Akòde l, Seyè.

<sup>99</sup> Rete toupre nou kounye a, beni nou epi kenbe nou jouk nou rankontre ankò nan sèvis aswè a. Ke nou antre ak men pwòp e yon kè pi, ke Ou pap refize, paske nou vle yon delivrans konplè epi total de tout bagay, Seyè, ki ka anpeche nou vin limyè mond lan; yon chandèl ki tabli sou yon kolin, pa atè ak raje kouvri l, men yon chandèl ki tabli sou kolin lan, k ap bay limyè pou gide pye moun nan chemen ki dwat. Akòde l, Papa. Nou mande l nan Non Jezi, e pou glwa Li. Amèn.

<sup>100</sup> M ap mande Doc... M kwè li dèyè la a, oswa youn nan dyak ki prezan yo. Pou legliz ka li sa a, Doc, vin mete sa a sou tablo afichaj la pou legliz ka wè l pandan y ap soti. Epi apresa Frè Collins, si l isi a... Èske Frè Collins anndan la? Ba li lòt sa a.

<sup>101</sup> Epi, se byen, mesye, e n ap wè kisa... [Frè Branham ap li yon nòt—Editè a.] Se yon moun ki vle yon entèvyou. Sa toujou akòde. Nou kontan.

E mwen fè entèvyou yo. Ou wè, bagay pou w fè se rele nan nimewo nou an la. Nou—nou te sitèlman gen pwoblèm nan kay la, legliz konn sa. Sa yo se etranje yo. Legliz la konn sa. Ta dwe met yon ti pati... M ap fè mete l isi a nan legliz la, tou, pou moun k ap vini yo. Ou wè, tèlman gen anpil, ke nou pa ka okipe nou de yo tout, jis jan yo vini dapre nimewo a. Ou wè? E nou... Si w jis rele BUtler 2-1-5-1-9, BUtler. [Nimewo telefòn lan chanje—Editè a.] E nenpòt nan manm ki wè yon moun ki gen bezwen, mwen toujou kontan pou wè moun. Men nou gen yon sistèm ki reglemente. Gen kèk ki déjà rele, plizyè, ou wè. E nou jis fè yo pase, youn pa youn, pandan n ap avanse. Alò gen... Otrefwa, nou jis te gen yon sistèm on jan o aza, nenpòt fason an, ekate, sote moun, moun yo te al lakay yo desi ak tout bagay konsa. Kounye a yo gen tout bagay jis annòd. E se de sa n ap eseye pale kounye a, ou wè, mete tout bagay annòd, jis pafètman.

E m ap kontan wè byeneme sa yo, si yo jis rele BUtler 2-15-19 (1-5-1-9), epi Mesye Mercier oswa Mesye Goad, youn, ap reponn telefòn lan epi di w jis egzakteman ki lè ou ka gen yon randevou. Nou gen yon plas deyè a la a, ak èkondisyone, e nou pare pou resevwa moun yo epi priye pou yo. Nou sèlman kontan fè sa.

<sup>102</sup> Kounye a, rezon ki fè m pa vin legliz, moun yo panse m ap eseye elwaye m de moun yo; se pa sa. M ap eseye—pou m egzakteman annòd. Ou wè? Se sa ke m vle, pa jis ap achte figi moun. Chak moun, nenpòt moun nan, nenpòt kote a, nenpòt ki lè a, ou wè; koulè po, kredo, pa gen anyen pou wè ak sa. Nou vin dirèk la pou rankontre moun yo. E si yo gen yon bezwen, nou rete jis la ak Bondye jiskaske sa rezoud. Si yo vle konnen nenpòt bagay sou reyinyon yo, natirèlman, nou regle sa epi klase l. Sa se sèlman konduit Sentespri a. E sa se... Nan fason sa a, mwen

kwè ke sa jis, sa rann tout moun jis egzakteman menm bagay la. Se poutèt sa, pa gen okenn paspouki pou pèsonn, pa gen okenn paspouki.

<sup>103</sup> Èske te gen kèk moun ki te vin pou ke yo priye pou yo, maten an, ki te malad e ki te vle pou yo priye pou yo? Dakò. Pa genyen.

Alò ann chante bon kantik sa pou... pou adorasyon. Kisa n ka chante maten an? "Sa k ka retire peche m?" Ou konnen l, Teddy? "Anyen pase San Jezi a." Sa k ka...

[Yon sè ap pale ak Frè Branham—Editè a.] Dakò, mesye. Ou vle priye pou li kounye a?

M pral priye pou dam sa a. Poze men w sou dam sa la a. Èske w ta vle koube tèt ou avè m, la, dousman kounye a.

<sup>104</sup> Bondye Byeneme, gen yon dam ki malad anpil. Sè nou an prezante kò l, menm pou chase kansè kay lòt yo, pou li kanpe nan espas vid la, pou lòt yo. Men Ou delivre l de sa, Seyè, sa fè kèk jou, lè bagay sa yo te devwale. Jis kite l reyalize l, limenm, alò, Seyè, li va konnen ke sa vin de Ou. Mwen poze men m sou li, epi mande mizerikòd pou lòt dam sa a ke l kanpe pou li a. Ke gras Bondye, Pwisans Sentespri a... Nenpòt mechanste ki nan kè nou, Seyè, revele l pou nou, dabò, apresa nou va ale, mete sa annòd. Alò n ap konsyan ke nou gen favè Bondye, nou gen lapè ak Bondye, nou jwenn sa ke nou mande a, paske nou pa gen okenn kondanasyon. Akòde l, Seyè. Nan Non Jezi mwen priye. Amèn.

Dakò.

Sa k kapab lave peche m?  
Anyen pase San Jezi a;  
Sa k ka geri m nèt ankò?  
Anyen pase San Jezi a.  
  
O, san presye koule  
Ki fè m blan tankou nèj;  
Pa gen lòt sous m konnen,  
Anyen pase San Jezi a.

<sup>105</sup> Konbyen moun ki santi ke tout peche l yo anba San an? Ann chante l ak men nou leve kounye a.

Sa k kapab lave peche m?  
Anyen pase San Jezi a;  
Sa k ka geri m nèt ankò?  
Anyen pase San Jezi a.

Kounye a pandan n ap bese men nou, ann tounen bay youn lòt lanmen.

Presye se...

Se sa, toupatou.

... blan tankou nèj;  
Pa gen lòt sous m konnen,  
Anyen pase San Jezi a.

Ou renmen L? Amèn.

O, ala m renmen Jezi,  
O, ala m renmen Jezi,

Bon rete avèk sa, kounye a. Tout moun akwoche w a Bondye.

Ala m renmen Jezi,  
Paske L te renmen m anvan.

Mwen p ap janm abandone . . . 

59-0712 Yon Delivrans Total  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indiana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)